

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan 1) kacindekan hasil panalungtikan jeung 2) kamandang-kamandang nu aya patalina jeung hasi panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil abalisis jeung déskripsi data korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2009-2010, aya sababaraha hal anu bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

1) Pangaweruh siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung ngeunaan tiori tatakrama basa Sunda 72,6 %, tujuan tatakrama basa Sunda 64,8 %, wangenan tatakrama basa Sunda, kamekaran tatakrama basa Sunda 19,4 %, bagbagan makéna tatakrama basa Sunda, basa loma 12,8 %, basa lemes (lemes keur sorangan, lemes keur ka batur/saluhureun) 15 %, jeung basa kasar 48 %. Dumasar kana pedaran di luhur, tétéla pangaweruh tatakrama basa Sunda aya dina tahap sedeng, kalawan rata-rata peunteun 7.

2) Tahap Kamampuh nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber dibarung larapna tatakrama basa sunda aya dina tarap sedeng. Kamampuh ngalarapkeun basa basa lemes keur sorangan 9,2 %, lemes keur ka batur/saluhureun 35,4 %, jeung basa

kasar 21 %. Dumasar pedaran di luhur, siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung kalawan rata-rata peunteun 6,54.

3) Korélasi antara panagweruh jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2009-2010 cukup, positif, sarta signifikan.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, pikeun ngaronjatkeun panagweruh jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2009-2010, aya sawatara kamandang anu diajengkeun di antarana baé saperti ieu di handap.

Dina prak-prakanana di lapangan, siswa leuwih loba di béré tiori ti batan prakték, sedengkeun antara panagweruh jeung kamampuh téh silih lengkepan, dina harti dua unsur ieu téh kudu sarimbang. Ku kituna, dina ngalarapkeun tatakrama bas sunda dina nulis kalimah pananya pikeun wawancara narasumber kudu dironjatkeun. Tatakrama basa Sunda henteu kudu diajarkeun, tapi kudu sering dilatih, maksudnya siswa kudu loba nyarita tur diajak ngawangkong sangkan kabeungharan kosa kecapna jembar. Lian ti éta pangajaran nulis kalimah pananya ogé kudu dironjatkeun ku cara mere latihan dibarung métodé anu variatif.